

## Bilten pou Pwopriyetè yo - Jen 2021

Chè Pwopriyetè,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay pwopriyetè biling rezidansyèl yo mizajou tanzantan sou nouveau lejislasyon ak enfòmasyon sou materyèl ak resous ki disponib pou bay konkou ak Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) Vil New York, Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) Eta New York lan ak lòt kòd minisipal ki gen pou wè ak sa. Ale sou [sitwèb HPD a](#) pou w li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

*Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsiyon konplè oswa final sou tout responsabilite pwopriyetè kay ak lokatè an rapò ak lalwa ak règ ki konsène lojman nan vil New York.*

---

### **Chanjman nan Anrejistreman Pwopriyete, tankou nouveau egzijans ki gen pou wè ak konfòmite sou dosye penti abaz plon ladan li.**

Anrejistreman anyèl byen imobilye yo kòmanse. Pwopriyetè / ajan byen imobilye yo ki te founi HPD ansanm ak yon adrès imèl nan anrejistreman aktyèl la ta dwe resevwa yon avi nan imèl nan kòmansman semèn lan konsènan fòmilè anrejistreman revize an ki disponib atravè Sistèm Anrejistreman Anliy pou Pwopriyete yo (Property Registration Online System, PROS). Remake fòmilè sa a lè li enprime dimansyon l yo se  $8 \frac{1}{2} \times 11$ . Nou ankouraje tout moun pou yo itilize PROS pou jwenn fòmilè yo an. Pa bliye pou fè chanjman ki apwopriye yo, siyen, epi date fòmilè an epi voye li bay HPD jan fòmilè an di l la; pèman an ta dwe ale jwenn Depatman Finans lan (Department of Finance, DOF) dirèk. Ou ta dwe itilize nouveau fòmilè pèman ki vini ansanm ak fòmilè enprime ou an pou asire pèman ou an trete jan sa dwe fèt la.

Remake genyen yon chanjman nan fòmilè anrejistreman an pou byen imobilye ki konstwi anvan 1960 yo. Fòmilè anrejistreman pou byen imobilye sa yo genyen ladan li yon seksyon sou konfòmite ak egzijans Lwa Lokal 1 sou 2004 la, Lwa pou Prevansyon Timoun ki Pwazonnen nan Plon pou vil New York la (The New York City Childhood Lead Poisoning Prevention Act.) Pou plis enfòmasyon sou egzijans lwa sila a, ou kapab ale sou [paj wèb Penti Abaz Plon yo](#), oswa pandan pwosesis anrejistreman an, klike sou lyen yo bay pou enfòmasyon konsènan egzijan espesifik yo. Si ou pa an konfòmite ak egzijans sa yo pou moman an, nou ankouraje ou pou wè sèminè anliy nou yo (ale nan seksyon EDIKASYON an sou paj wèb nou an) konsènan chak sijè pou ou kapab kòmanse mete tèt ou an konfòmite. **Kapab gen gwo sanksyon si yon moun pa konfòme li ak Lwa Lokal 1 sou 2004 la.**

Si yo mande ou pou konplete nouveau seksyon sa men biling ou an: 1) te konstwi apre dat 1ye janvye 1960 oswa 2) te konstwi nan espas tan 1960 rive 1978 epi byen imobilye an pa t janm te genyen

pwoblèm vyalasyon sou koze penti abaz plon (òdonans #617) nan entèvansyon HPD oswa yon Òdonans Komisè pou Abate (Comisioner's Order to Abate, COTA) ki sòti nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) epi ou pa genyen okenn konesans sou egzistans penti abaz plon nan kay la; oswa 3) Youn (1) oswa de (2) inite rezidansyèl legal epi youn nan yo pa genyen lokatè, ekri HPD pa imèl epi mete adrès biling la, katye li ye an, ak enfòmasyon kòrèk konsènan lane li te konstwi an oswa kantite inite li genyen [codevios@hpd.nyc.gov](mailto:codevios@hpd.nyc.gov) nan pou HPD kapab mete rejis li yo ajou jan sa dwe fèt la. Ou kapab soumèt dokiman pou pwouve sa w di yo tankou sètifikasi pwopriyete an ansanm ak demann ou an. **Si biling ou an te konstwi anvan 1960 epi li te benefisyé anpil renovasyon ou toujou genyen obligasyon pou konfòme ou ak lwa Lokal 1 sof si ou te resevwa yon [Eksepsyon](#) nan men HPD pou tout biling la.**

---

## Siyalizasyon Pou Entèvansyon nan moman Katastwòf

Anvan yon ijans ki gen pou wè ak meteyo, yon katastwòf natirèl oswa apre ou fin konnen kapab genyen yon pàn sèvis publik ki kapab dire plis pase vennkat (24) èdtan, pwopriyetè yon biling oswa kay ki genyen omwen yon inite pwopriyetè an pa rete ladan li dwe poste enfòmasyon ki pi ba yo nan kote ki komen yo nan kay la oswa biling la sou pano ki gwo ase pou moun wè yo: (i) si batiman an plase nan yon zòn biwo jesyon ijans lan klase antanke zòn evakyasyon pou siklòn epi si li aplikab, nan ki zòn batiman an plase an; (ii) adrès sant evakyasyon yo deziye ki pi pre an; (iii) lè yon moun ta dwe kontakte 911 ak 311 pandan yon ijans ki gen pou wè ak meteyo, yon katastwòf natirèl oswa yon pàn sèvis publik; (iv) Si pandan pàn sèvis lan, sèvis tankou dlo potab, limyè nan koridò, koulwa evakyasyon, ak kote ki souvan gen limyè yo, sekrite ak pwoteksyon kont dife, asansè, kote pou chaje telefòn selilè, dlo cho nan kay, oswa chofaj ak klimatizasyon dwe founi; (v) enfòmasyon kontak pou pèsonèl biling la nan ka ta genyen yon ijans, ki genyen adrès imèl, nimewo telefòn ak lòt metòd komunikasyon; (vi) enstriksyon sou kijan pou retire founiti sou do kay ak balkon pandan sitiayson gwo van epi; (vii) pou biling ki itilize ponp, enstriksyon sou kijan pou redui konsomasyon dlo pandan pàn sèvis publik la. Pwopriyetè biling rezidansyèl la dwe mete pano sa yo ajou lè li nesesè epi li dwe retire yo apre ijans meteyo an, katastwòf natirèl la, oswa lè sèvis publik la retounen an fonksyon. Yon echantyon disponib [la](#).

---

## Pwogram Èd pou Lwaye Annijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP)

### Pwogram lan ap kòmanse nan dat 1ye jen 2021 Yo ap asepte aplikasyon yo pou moman an.

Pwogram Èd pou Lwaye Annijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) ap founi yon asistans ekonomik pou ede kay (fanmi) a revni ki ba oswa modere ki gen ris pou vin pa gen kay pou rete oswa antre nan enstabilite lojman nan ede yo benefisyé aryere lojman, asistans lwaye tanporè ak asistans aryere sèvis publik.

Lokatè yo ansanm ak Pwopriyetè yo kapab aplike - pèman yo ap ale jwenn pwopriyetè an, epi lokatè an ap resevwa enfòmasyon konsènan nenpòt pèman ki fèt sou non yo.

**Fwaye yo apwouve pou Èd Lwaye Annijans (ERAP) yo ka resevwa:**

- Jiska 12 mwa **aryere pèman lwave** pou lwave ki anpile nan oswa apre dat 13 mas 2020.
- Jiska 3 mwa **asistans lwave adisyonèl** si kay la prevwa depanse 30% oswa plis nan revni chak mwa li pou peye lwave.
- Jiska 12 mwa **aryere pèman sèvis piblik** gaz oswa kouran pou aryere ki anpile nan oswa apre dat 13 mas 2020.

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou aplike, epi pou konnen si ou menm oswa lokatè ou yo kalifye, ale nan [otda.ny.gov/erap](http://otda.ny.gov/erap). Genyen òganizasyon ki baze nan kominate an ki ap ede moun New York yo aplike nan tout senk (5) katye yo, ki afiche nan [nyc.gov/erap](http://nyc.gov/erap).

---

### **Kolabore ak Nou Pou Ede Rezidan New York yo gen Lojman**

Pwopriyetè Vil New York yo gen yon posibilité pou mete moun nan lojman ki vid yo epi ogmante revni yo pandan y ap sèvi rezidan New York yo jwenn kay pou rete. Depatman Sèvis Sosyal

(Department of Social Services, DSS) bay fanmi ki nan chèltè yo sibvansyon lwave Vil lan finanse. Fanmi ak moun sa yo gen sibvansyon lwave ki fè diferans ant lokasyon an ak kantite lajan y ap kapab peye a. Vil lan kapab peye koutye yo lajan an pou kliyan ki elijib yo, nan kèk ka, Vil la ka peye lajan siplemantè bay mèt yo paske yo te fè konnen yo gen kay pou lwe.

Nan moman difikilte ekonomik sa a, lè pwopriyetè yo lwe kliyan DSS kay sa kapab ede pou mete plis estabilite nan revni yo. Etandone Meri a ap peye majorite lajan lokasyon an, epi sa kapab ogmante si revni lokatè a desann, sibvansyon Minisipal kapab yo ede pwoteje pwopriyetè yo kont sitiayson enstabilite.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sibvansyon Minisipal yo nan lyen sa a: <https://www1.nyc.gov/assets/hra/downloads/pdf-rent-subsidy-flyer.pdf> Si w gen yon apatman pou lwe, tanpri rele Liy Asistans Lakay Inite Angajman Piblik nan 929-221-0047 oswa ranpli fòm lan anliy nan <http://nyc.gov/homesupportunit>.

---

### **Enspeksyon Sistèm Chofaj yo: Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB):**

Inite Sistèm Chofaj nan Depatman Batiman an sipèvize enstalasyon ak fonksyonnan sistèm chofaj nan Vil New York yo ansanm ak enstalasyon rezèv mazou yo. Pwopriyetè byen imobilye yo responsab pou yo fè si sistèm chofaj yo fonksyone san danje epi yo konfòme ak Règleman Batiman yo ansanm ak tout règleman ki gen pou wè ak sa. Aksyon pa bay chofaj ki nesesè an nan peryòd mwa oktòb rive mwa me chak ane kapab fè genyen vyolasyon HPD, frè enspeksyon, penalite sivil ak/oswa antre nan Pwogram Kaptè Chalè HPD an (HPD's Heat Sensor Program). Nou ankouraje ou pou ou fè si enspeksyon ou fèt chak ane jan sa mande an epi pou sistèm chofaj ou yo resevwa antretyen dapre enstriksyon fabrikan an pou asire ou chofaj la distribiye jan sa dwe fèt la.

**Sik Enspeksyon Sistèm Chofaj** - 1ye anvye rive 31 desanm. Se Depatman an ki dwe fè epi deklare Enspeksyon Entèn ak Ekstèn Sistèm Chofaj Wot Presyon ak Sistèm Chofaj Presyon Ba yo pandan sik sa a.

- [Enspeksyon Sistèm Chofaj Wot Presyon yo](#)
- [Enspeksyon Sistèm Chofaj Presyon Ba yo](#)
- [Randevou Premye Tès yo](#)
- [Frè Depo ak Penalite](#)
- [Pwosesis Fèmen Vyolasyon Règleman ki anvigè sou Sistèm Chofaj yo](#)

**Kontakte Divizyon Sistèm Chofaj yo:**

Boiler Division Customer Service Window

(Biwo Sèvis Kliyantèl pou Divizyon Sistèm Chofaj yo)

280 Broadway, 1st Floor

New York, NY 10007

Lè Travay yo: 8:30 AM ak 2:00 PM (lendi jiska vandredi)

Liy Dirèk Divizyon Sistèm Chofaj yo (pou kesyon ki pa teknik yo)

(212) 393-2661 oswa [www.nyc.gov/dobhelp](http://www.nyc.gov/dobhelp)

Lè Travay yo: 8:30 AM ak 4:00 PM (lendi jiska vandredi)

Li [Kesyon yo Souvan Poze](#) DOPB yo pou jwenn repons ak kesyon moun souvan poze konsènan sistèm chofaj ak vyolasyon ki gen pou wè ak yo, Inite Teknik Sistèm Chofaj (Pou Premye Randevou Tès la oswa kesyon ak pwoblèm teknik ki gen pou wè ak sistèm chofaj)

(212) 393-2784

Lè Travay yo: 8:30 a.m. pou 3:30 p.m. (Lendi rive vandredi)

Pou kesyon ki pa teknik yo: [www.nyc.gov/dobhelp](http://www.nyc.gov/dobhelp)

Pou kesyon teknik yo: [BoilerTechnical@buildings.nyc.gov](mailto:BoilerTechnical@buildings.nyc.gov)

Pou jwenn lòt enfòmasyon, kontakte:

Renouvèlman Anrejistreman Sistèm Chofaj DEP yo (718) 595-3855

Plent sou sistèm chofaj yo

Ale sou [311 Online](#) oswa Rele 311.